# ҚАРАҚАЛПАҚ ПРОЗАСЫНДА ЖОЛ-САПАРНАМА ОЧЕРКЛЕРИ (2004-2010-ж.)

**А.У.Бекбергенова**
Өзбекстан Республикасы Илимлер академиясы Каракалпакстан Бөлими
Каракалпак гуманитар илимлер илим изертлеў институты, Нөкис қаласы

**Аннотация:** Мақалада қарақалпақ прозасынан орын алған жол-сапарнама очерки ҳаққында сөз етиледи. Ғәрезсизлик дәўириндеги (2004-2010-ж.) жол-сапарнама очерк жанрының көркем публицистикада тутқан орны хәм жазыўшылардың стильлик изленислерининң өзине тән өзгешелиги үйренилген.
**Гилт сөзлер:** публицистика, очерк, проза, жанр, шеберлик, стиль.

Публицисттиң қәлемине тийисли жол-сапарнама очеркте фантазия менен әдебий шеберликти көбирек қолланыўға имканият жаратады. Усы тийкарда жол-сапарнама очеркиниң өзиниң мақсети болып, хәр түрли қалалардағы хәр қыйлы инсанлардың өмири, олардың кәсип кәри, жетискенликлерин көрсетип бериў менен бирге, баслы мәселе, хабарды жеткериў, себеби жазыўшының қыялында сол сапардан көп елеслер қалады, олардың қызықлысын, әхмийетлисин саралап, мәнисин түсиниўи керек болады.

К.Каримов «Мискинниң тусынан салынды көпир» [1] атлы жол сапарнама очеркинде Әмиўдәрьяның еки жағысын тутастыратуғын, Қарақалпақстан менен Хорезмди тутастыратуғын әжайып көпирдиң саўлаты кимди болсада таңландырмай қоймайтуғынын, сондай-ақ, Төрткүлден 50-60 шақырым қашықлықта жайласқан «Мискин» елатынан үлкен темир жол станциясы қурылысы ҳаққында» ғы тәсирлери менен таныстырады. Бул очеркте, жазыўшы усы тәсирлери тийкарында әййем заманлардан берли цивилизацияның бесиги болған бул ески топырақ өзиниң естеликлери, мәденияты, салт-дәстүрлери, искусствосы менен әлемди таң қалдырған оның мийнеткеш адамларының бүгинги күни дөретиўшилик ислери де сүйсиндиретуғынын жазады. Еле ерте бәхәр болыўына қарамастан бул жерде ерик бағларының аппақ гүлге малынып, егислик майданлары, бағлары, жолдың бойлары, хәр бир қарық жер, хәр ир түп ағаш көзге тасланатуғынын, егисликлер пукта шелленип гүзги-қысқы суў менен шайып суўғарылып бағларға форма берилип, хәр бир ағаштың түби хәкленип бир сөз бенен айтқанда бәри пуқталық пенен орынланғанын нәзерде тутады. Әсиресе, хорезмлилердиң қурылыс ислеринен көп нәрселерди үйрениўге болатуғынын, жол бойларында салынған турақ жайлар өзиниң декоратив безелиўи, архитектуралық жақтан ықшам хәм арзанлығын, пайдаланыўға қолайлығы менен ажыралып туратуғынын, бул қурылыс тараўындағы мың жыллық дәстүри, оның үстине территорияның шекленгенлиги, сол ушын да хәр бир карыс жерден үнемли рациональ пайдаланыў дәркарлығы усындай нәтийжелерге алып келген болса тәәжип емес деп жазады. Көрип өткенимиздей, бул очеркте жазыўшы

өзиниң жол сапарында ушырасқан тәсирлери тийкарында Хорезмниң үрп-әдет дәстүрлери, олардың мийнетсүйгишлигин, халықтың архитектурасы, бағманшылышық усыллары менен таныстырыў менен бирге өзи барып көрген қалалардағы көпир қурылысы менен бирге байланыстырыўшы көпирдиң әхмийети хаққында да өз тәсирлерин билдиреди. Бул арқалы оқыўшы Хорезм халқы менен хәм олардың турмыс шараяты, қурылыс жумыслары, бағманшылық өнерлери көпир хаққындағы түсиниклер менен кеңнен танысып өзлеринде жуўмақ шығарыўға имканият береди. Бул жол сапарнама очеркиси темасына тийкар дурыс танланған тема болып очерктеги хәр бир деталь орынлы пайдаланғаны көринеди.

Және де усы автордың «Шымбайдың шабыстан талмас тулпары»[2] деген жол сапарнама очеркинде «Хәкимияттағы ушырасыў», «Тарийхқа шегинис», «Туқымгершилик ғаўашаның сортлары туўралы қәнигениң пикирлери», «Темир тулпарға айланған кеңес», «Азаматлар умыт болмасын» деген майда темаларға бөлинип, «Хәкимияттағы ушырасыў» бөлиминде район хәкими М. Шанқиев пенен ушыарсқаны оның искерлигин, ал, кейинги «Тарийхқа шегинис» деген темасында бул қаланың әсирлер шаңынан аман өтип, бүгинги күнлерге жетискендеги тарийхтың талай-талай талқыларына түсип, заманлардың зардабын ишине жутқан, талай батырлары, шешенлери, баксылары, жыраўлары шабандозлары, мийнеткеш азаматлары, кәтқудалары менен хаўазасы Орайлық Азия, Қазақстанға тараған Шымбай елатының бағы бақшасы, дийқаншылығы, өнерментшилиги менен, илимий мәдений ошақлары менен қарақалпақлардың орайы болып, жоңышқа туқымы, пахта, дән жетистириўде Қарақалпақстанда дәслепки тәжрийбе мектеби болғанын, өткен әсирдиң 1990-жылларда әдеўир қыйыншылықларға ушырағанлығын баян етеди. Оннан кейинги жыллардағы суўсызлықтың ақыбети, қурғақшылық себебинен бирқанша егислик жерлердиң дийқаншылықтан шығып қалғанлығын, бирақ усы қыйыншылықларды 2002-жылы Әмиўдәрьямызға тасқынлап келген суў умыттырып қуўандырғанын сөз етеди. Бул жылларда бул район мийнеткешлери дәнди, пахтаны, басқа да өнимлерди жетистириўде басшылардың жан күйдирип шөлкемлестириўиниң арқасында екенлигин нәзерде тутады. Жазыўшы гезектеги темасында райондағы «Қамысарық», «Қызылөзек» дийқан фермер хожалығында болып, «Қамысарық» альтернативлик машина-трактор паркиниң баслығы Төребайдың хәм усы хожалықлардағы дийқанлардың пахтаны жетистириўдеги қыйыншылықларын машақатларын, қәнигелердиң туқымгершиликке айрықша дыққат бөлиў нәтийжесинде бунда пахтаның «Шымбай 3010» деген сортының абзаллығын, соңынан «Тәжим ата», «Досназар баба» фермер хожалығындағы дийқанлардың етип атырған мийнетлери авторды йошландырып жиберип төмендеги қосық қатарлары дөрегенин айтады.

Шымбайдың шабыўдан талмас тулпары,
Қамшы тийдирместен хағлап баратыр,
Жолларда аўыр жүк көтерген нары,
Харып талып билмей шағлап баратыр.

International Conferences | Open Access | Scientific Online | Conference Proceedings
ICP INTERNATIONAL CONFERENCES OF PRACTICE

Мақсетбай зәбердес журтқа бас болып,
Дийқан зер жүзикке гәўҳар қас болып,
Жүгин жеңиллетип ғарры-жас болып,
Финиш тамантез жақынлап баратыр.

Бул очеркте жазыўшының тәсирлеринде 2005-жыллардағы гүз айларындағы дала майданындағы анық фактли ўақыялардың айқын дәлийлин көремиз. Бул жол-сапарнама очерки арқалы жазыўшы Шымбай районы халқының мийнетсүйгишлигин, дийқанларының сабырлы, шыдамлы, ақыл парасатлы екенин, хәттеки сол дәўирдеги район хәкиминиң де халық пенен қолласып, мен басшыман деместен дала атызларында жүрип түриниң қарайып кеткенлигинде жасырмастан, оның сөйлеген сөзлери тийкарында атыз тәрепке асығып баратырғанын да шеберлик пенен баянлап береди. Халықтың хәрекетшеңлиги, дийқанлардың сабырлы, мийнеткешлиги, төзимлилигиниң нәтийжесинде буннан бираз алдыңғы жыллардағы суўсызлықтағы қыйыншылықларды тез умытып, жеңип нәтийжелерге ерискени хаққында жазады әлбетте бул басқаларға да ибрат болыўын уктырады. Демек, хәр қандай қыйыншылықтың артында бир қуаныш, жетискенлик бар екени, бирақ буған мийнет, сабыр, ақыл парасат, аўызбиршилик керек екенлигин усы очерк арқалы анық билиўге болады. Жазыўшының бул темасы хәр бир оқыўшыны ойландырары сөзсиз. «Темир тулпарға айланған «Кеңес» бурынғы «Кеңес» совхозының жаңа атамасы усылай аталатуғынын айтып өтип, усы мәканларға жол алғанын бул орында «Қәллибек ақсақал» фермер дийқан хожалығына хармасынға барғандағы тәсирлери менен бөлиседи. Бунда сол жыллардағы әдеттегидей оқыўшылардың яғный Нөкис қаласы 1-медициналық колледж жәмәәтиниң жәрдемге келип пахта атызларында жүргенин аянбай мийнет етип, халқымыздың қырманын толтырып атырғанын жазады. Сондай-ақ, ғәрезсизлик шарапаты менен көше, мектеп, мекеме атлары ески кеңес дүзими атлары менен емес, жаңа топонимикалық атамаларда аталып киятырғанын, бунда аўылдағы «Кийикбай шертек», «Кийикбай жап» атамаларының пайда болыў себеплерине де тоқтап өтеди. «Азаматлар умыт болмасын» деген соңғы темасында жазыўшы «Кийикбай жап», «Салтыр жап», «Қаңлы жап» деген бурынғы Усман Юсупов «Медет балға» деп аталатуғынын жазады. «Қарағаш», «Индира», «Жамила», «Әмдамбет» фермер хожалықларында болғанында олар пахта тапсырыў жобасын толығы менен орынлап атырғанының гуўасы болғанын, бирақта атызларда еле зүрәәт мол екенин, сондай-ақ, пахта жетистириўде Шымбайдың хәм өзин Орайлық Азияға таныткан Шамурат Мусаевтың атын излегенин, бирақ бул орынларда жоқ екенин хәм бул ашынарлы жағдайды анық ашық айдын жазып хәм ондай инсанларды хеш қашан умытпаўға шақырады. Усылай етип жазыўшы өзиниң Шымбай сапарындағы жол-сапарнама очеркин төмендеги қосық қатарлары менен жуўмақлайды.

Шымбайдың басында дәўри дәўраны,
Орынланып кеўилдеги әрманы,

Алыс мәнзиллерден аўыр кәрўаны,
Жеңис таман асып тасып баратыр.

Жазыўшының бул жол сапарнама очеркисиниң мақсети Шымбай халқының дала майданындағы фермер хожалықлары жағдайлары, олардың пахта жетистириўдеги ҳәрекетлери, ўазыйпалары менен таныстырыўдан ибарат болып ғана емес, тәсирли баянланыўы тийкарында көп мағлыўматлар айтылғаны барған орынларында майда шүйде деталларына шекем итибарға алып оқыўшыға жеткизип берилгени нәзерде тутылады. Бәлким, очерктеги сол дәўирдеги пахта жетистирип бериў мәселесин, ҳәзир күнде оқыў, билим, жаңа технологиялар жаратыў сыяқлы мәселелер ийелеп кетседе, бул темадағы мийнет, шыдамлылық, аўызбиршилик, ғәрезсизликтеги өзгерислер толығы менен шебер тартымлы, тәсирли анализлениўи, ондағы ҳақыйқатлықлар ашық айдын айтылыўы ҳәм булардың барлығы бүгинги күни де әҳмийетин жойтқан жоқ деп есаплаймыз. Әсиресе, жазыўшының очеркисинде поэзиялық қатарлардың берилиўи жаңаша түс, жаңа бағдарда жазылғанынан дәрек береди. Бирақ, усы жетискенликлерге қосымша кемшиликлерде ушырасады. Бул очерк тийкарынан, Шымбай районы аўыл хожалығы пахта жобасын орынлаўдағы жетискенликлери дала майданында мийнет етип пахта терип жүрген теримшилердиң ҳал жағдайлары ҳаққында екени нәзерде тутылады бирақ, очеркте мийнетте белли дийқанлардың ямаса теримшилердиң аты көрсетилмей өтиўи өкинишли. Жазыўшы бул орында бир тәреплемеликке берилгендей сезиледи. Себеби, бул дәўирлерде техниканың еле жетиспей атырған бир пайытында әлбетте дийқанлардың, адам қолының мийнети менен әмелге асатуғыны өз өзинен белгили, усы тәреплери де жазып өтилгенде мақсетке муўапық болар еди. Бул орында мийнетте белли бир күнде жобаны артығы менен орынлайтуғын, мийнеткеш, қырманын толтыратуғын яғный күнине 100-150- кг ға шекем теретуғын теримшилер гезлесетуғыны тәбийий. Сондай мийнеткеш теримшилердиң де исмилери көрсетилип, олар ҳаққында да мағлыўмат берилгенде мақсетке муўапық болар еди.

Х.Дәўлетназаровтың «Шөлдеги мектеп» [3] («Сарыбел» ямаса кишкене «Нөкис») деген жол-сапарнама очеркинде Бухарадағы Кенимех районында болған сапарлары тәсирлери баянланады. Бунда жазыўшы бул орында Маманбий атындағы 40-мектептиң қарақалпақ тилинде тәлим алатуғынын, бул пән оқытыўшысы Қарақалпақстан Республикасы халық билимлендириў ағзасы Ташбиби апа Мамараймова екенин, аол, № 39 Әжинияз атындағы мектепти анасының даўамшысы Рахманберди Келдияровтың басшылық ететуғын айтып өтеди. Ал, усы район орайынан 100 шақырым қашықлықта Сарыбел ширкет хожалығында жайласқан «Шөлдеги мектеп» деп атайтуғын 41-орта мектептиң нағыз шөл, усы шөлдиң жоталы белеслериниң дәл ортасында сарғыш реңи басым, әтирапы шарўаға жайлы, жуўсан ийиси аңқып «Сарыбел» сулыў қыздай тамылжып туратуғыны жазыўшы тәрепинен шеберлик пенен исенимли баянланады. «Дүньяда хеш нәрсе, әсиресе халық ийгилиги ушын исленетуғын жақсы нәрселер өзлигинен пайда болмайды» - деп айта келип очеркист, район халқының өзлериде мақтаныш пенен кишкене Нөкис

деп атайтуғын Сарыбелдеги усы мектептиң 1990-жылы 1-сентябрьде салынып дәслеп № 5 мектеп болып тек 12 оқыўшы отырып оларды караөзекли Тоқтақан Азбергенова, кейин ала Ембергенов, Шыразовлар оқытқан болса, 1998-жылы сентябрьде усы ширкет хожалығы баслығы Оразбай Төремуратовтың мектепке өз алдына жай ажыратып, усы мәкандағы халық әрманларын әмелге асырған болса, соңғы келген баслық Орманбий Кукенов толық ремонт ислетип бергенлиги ҳаққында мағлыўмат береди. Усындай дыққат итибар, ғамқорлықтың нәтийжесинде мектеп оқыўшыларының хәр қыйлы пән олимпиядаларында белгили орынларды алып мектептиң абыройын көтерип киятырғанын, ал муғаллимлериниң көпшилиги қарақалпақстанлы жаслар болып усы орынларға келип ҳәттеки мәкан басып жасап қалғанлығын айтып өтеди. Олардың түп ата-бабалары тилинде сөйлеўин, үрп-әдет, салт-дәстүрлерин күнделикли турмысында енгизиўге ҳәрекет ететуғынлығын, отырыс турысы, жасаў жағдайларынан шағымы жоқ екенин бирақ, руўхый мийрасларға деген сағынышы толы екенлигин нәзерде тутады. Бул очерк арқалы жазыўшы алыс аймақларда, шөллик жерлерде де мектеплердиң бар екенин, ҳәттеки олар қарақалпақ миллетинен ибарат екенлигин көрип, олар менен танысып, хал жағдайларынан хабардар болғанында көп мағлыўматларды тәсирли баянлайды. Очеркте сол алыс аймақларда көп қыйыншылықлар менен сол мектеплердиң қурылғанын, басшылардың жақсы ийгиликли ислери нәтийжелерин, олардан хәр бир адам өрнек алыўы кереклигин, ал сол орында жасап атырған қарақалпақ баўырларымыздың үрп әдет дәстүрлери, жасаў шараяты, шөллик жерлерде жасап атырғанына қарамастан, олар қуўанышлы, бахытлы, ҳәрекетшең, өз ана тилин қәстерлеп атырғанын өз жол дәптеринде тәсирли баянланғаны көринеди. Сондай-ақ, усы очерклердиң қатарында усы жыллары Ө.Өтеулиевтиң «Қайығы қайырға тийген қаражар» («Еркин Қарақалпақстан», 2006), А.Ҳәбийповтың «Қуўаныш жарма» ға ҳармасынға барғанда» («Еркин Қарақалпақстан», 2006), Б.Тилеумуратовтың «Бардық, көрдик, жаздық» («Еркин Қарақалпақстан», 2010) деген жол-сапарнама темасындағы очерклери орын алғанлығы көринеди.

## ӘДЕБИЯТЛАР:

1. Каримов К. Мискинниң тусынан салынды көпир // Еркин Қарақалпақстан. 2004. 16-март, №33, (17935)
2. Каримов К. Шымбайдың шабыстан талмас тулпары // Еркин Қарақалпақстан. 2005. 17-сентябрь, № 111 (18169)
3. Дәўлетназаров Х. Шөлдеги мектеп («Сарыбел» ямаса кишкене «Нөкис») // Еркин Қарақалпақстан, 2005. 19-май, № 59(18117)